



## Dwa ak Obligasyon w Selon Lwa Fiskal la

Youn nan prensipal misyon Depatman Enpo ak Finans (Department of Taxation and Finance) se ede kontribyab yo konprann dwa ak responsablite yo genyen yo. Piske kontribyab yo konnen dwa sa yo, sa enpòtan pou kenbe yon efikasite ak ekilib nan sistèm fiskal ki nan lokalite yo ak nan eta yo.

Eta New York te etabli yon Deklarasyon pou Dwa Kontribyab yo nan Atik 41 nan Lwa Fiskal la (Taxpayers' Bill of Rights in TaxLaw Article 41). Depatman Enpo a ede kontribyab yo lè li bay:

- deklarasyon ki pa teknik ki eksplike dwa kontribyab yo ak obligasyon depatman an konsènan kontwòl yo;
- pwosedi pou kontribyab yo konteste desizyon depatman yo, pou reklame ranbousman, ak pou depoze plent; ak
- pwosedi depatman an ka itilize pou fè egzekite dèt fiskal yo (yo rele *pwosesis koleksyon an*).

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou dwa w antanke kontribyab sou sitwèb nou an, ansanm ak tout piblikasyon yo site anba a, oswa lè w rele nou (gade *Bezwen èd?* nan fen piblikasyon sa a).

Piblikasyon sa a bay yon rezime sou dwa kontribyab yo nan plizyè etap nan pwosesis administrasyon fiskal la.

### Kontwòl fiskal nan Eta New York la

Nou fè kontwòl pou verifye kontribyab yo te peye kantite enpo ki kòrèk la. Selon Lwa Fiskal Eta New York la, pandan kontwòl la, ou dwe bay kèlkeswa dosye ki nesèsè pou verifye enfòmasyon ou rapòte nan deklarasyon ou nan. Selon kalite deklarasyon y ap kontwole a, sa ka gen ladan yon egzamen sou revni ou, resi, depans, kredi, ak lòt dosye komèsyal.

### Kritè pou kontwòl pwofesyonèl

Kontwòl yo fèt ann amoni ak kritè pou kontwòl pwofesyonèl yo, pa mwayen yon verifikatè nan Depatman Enpo ki abitye ak prensip kontab yo ansanm ak teknik verifikasyon tout moun akseptè.

Pou evite tout konfli enterè, verifikatè a pa dwe gen okenn relasyon ak kontribyab la, fanmi kontribyab la, oswa anplwaye kontribyab la (nan ka yon kontwòl komèsyal). Anplis de sa, verikatè a pa dwe gen okenn enterè pèsonèl oswa finansye nan yon biznis y ap kontwole.

Pandan y ap fè kontwòl la, ou gen dwa pou resevwa tretman ki jis, ki montre respè ak pwofesyonèl. Si nan nenpòt moman pandan kontwòl la ou santi kritè sa yo oswa nenpòt nan dwa w yo ap vyole, ou ta dwe kontakte imedyatman sipèvizè verifikatè a.

Pou rapòte akizasyon move konduit yon anplwaye, kontakte Biwo Afè Entèn nou an lè w rele 518-451-1566, oswa lè w voye yon kourye nan:

**NYS TAX DEPARTMENT  
OFFICE OF INTERNAL AFFAIRS  
W A HARRIMAN CAMPUS  
ALBANY NY 12227-0811**

Si w pa sèvi ak kourye Ameriken, gade Piblikasyon 55, *Sèvis livrezon prive ki Otorize*.

### Dwa ou genyen pandan yon kontwòl

Pandan ou dwe kolabore ak verifikatè a, ou ta dwe konnen tou dwa ou yo. Dwa sa yo fèt pou:

- pwoteje w kont demann ki pa rezonab,
- minimize boulvèsman ki ka gen nan lavi pwofesyonèl ou oswa lavi pèsonèl ou pandan kontwòl la, ak
- pwoteje ou kont zak enjistis.

### Delè Preskripsyon yo

An jeneral, Lwa Fiskal Eta New York la prevwa yon delè preskripsyon pou twa (3) zan sou dwa nou genyen pou nou reklame enpo siplemanntè ki dwe (an jeneral, twa (3) zan apre ou te fin depoze deklarasyon w nan). Sepandan, y ap aplike yon delè preskripsyon sis (6) ane pou reklame enpo siplemanntè egzijib lè gen yon tranzaksyon evazyon fiskal ilegal, oswa, lè yon kontribyab ki pa mansyone 25% oswa plis nan revni li nan deklarasyon l nan. Yon kontribyab ak depatman an ka dakò alekri pou pwolonje delè preskripsyon yo anvan li ekspire.

Delè preskripsyon pou reklame enpo siplemanntè a pa aplike, sepandan, pou tout peryòd pandan yon kontribyab pa t depoze yon deklarasyon, pa t rapòte chanjman Sèvis Revni Entèn (Internal Revenue Service, IRS) te fè pou yon deklarasyon enpo federal (*chanjman federal*), oswa te depoze yon fo deklarasyon oswa yon deklarasyon ki gen fwod nan entansyon pou pa peye enpo. Nan kad enpo sou revni, enpo sou byen imobilye ak sou antrepriz, yon kontribyab dwe nòmalman rapòte yon chanjman federal bay Eta New York la nan espas 90 jou apre desizyon final konsènan chanjman, koreksyon, renegosyasyon, oswa anilasyon.

Pou deklarasyon amande ki te depoze nan dat 12 Avril 2018 oswa apre, delè preskripsyon sou dwa nou genyen pou reklame enpo siplemanntè ki egzijib, akòz yon chanjman oswa koreksyon ki te fèt nan deklarasyon amande sa a, nòmalman se yon ane apati dat yo te depoze deklarasyon amande sa a (sof si yon peryòd tan ki pi long aplike oswa sof si deklarasyon amannman an gen rapò ak chanjman federal yo).

### Vi Prive ak Konfidansyalite

Ou gen dwa konnen poukisa n ap mande kèk enfòmasyon, ki jan nou pral itilize enfòmasyon yo, ak konsekans ki genyen si w pa soumèt enfòmasyon yo. Lwa Fiskal la entèdi nou pataje enfòmasyon nou jwenn nan yon deklarasyon enpo oswa pandan yon kontwòl, bay nenpòt moun ki pa otorize. Sepandan, Lwa Fiskal la pèmèt nou pataje enfòmasyon fiskal ou yo avèk IRS ak lòt ajans gouvènmanntal yo, selon kritè ki defini pou konfidansyalite ak nan tèt ansanm.

### Reprezantasyon pandan yon kontwòl

Ou ka reprezante tèt ou, fè yon moun akonpanye ou, oswa fè yon moun reprezante ou pandan yon kontwòl. Tout moun ki reprezante w dwe resevwa nan men w yon otorizasyon ekri ki apwopriye (Fòm POA-1, *Manda*) pou aji nan non w.

Pou jwenn enfòmasyon sou fason pou bay yon manda, vizite sit entènèt nou an oswa rele nou (gade *Bezwen èd?*).

Ou ka mande pou fè reprezante w nenpòt ki lè pandan yon kontwòl, oswa kanpe yon reyinyon oswa yon entèvyou pandan yon peryòd ki rezonab pou jwenn yon reprezantan.

Ansyen anplwaye Depatman Enpo ak Finans yo gen restriksyon pou yo reprezante kontribyab yo devan depatman an pandan dezan apre yo fin kite depatman an. Ansyen anplwaye yo kapab, nan kèk kondisyon, reprezante kontribyab yo devan Divizyon

## Paj 2 8 Piblikasyon 131 (9/22)

endepandan an pou Apèl Fiskal yo pandan peryòd dezan sa a. Yo entèdi yon fason definif pou ansyen anplwaye yo reprezante kontribyab yo nan dosye kote yo te enplike dirèkteman pandan yo t ap travay.

### Anrejistreman odyo

Ou ka fè yon anrejistreman odyo pou nenpòt entèvyou an pèsòn lè w voye ban nou yon avi alekri davans. Ou dwe fè anrejistreman an sou pwòp depans ou ak pwòp ekipman ou. Nou gen dwa tou pou anrejistre nenpòt entèvyou an pèsòn lè nou voye ba ou yon avi alekri alavans. Si w mande sa, nou pral voye ba ou yon dokiman ekri oswa yon kopi anrejistreman an, men sèlman si w ranbouse nou frè a.

### Kontwòl sou teren

Nòmalmman, kontwòl sou teren yo pwograme omwen 15 jou davans pou ba ou tan pou rasanble dosye yo mande yo. Lè yo chwazi w pou yon kontwòl sou teren, yon verifikatè pral kontakte w pou fikse premye randevou a. Ou pral resevwa yon lèt ki konfime randevou a epi ki dekri liv ak dosye ou dwe bay yo. Pou yon kontwòl komèsyal, pifò randevou yo pral fèt nan espas kote antrepriz ou a ye a, pou diminye tan ou pase lwen aktivite komèsyal ou yo. Si w bezwen plis pase 15 jou pou rasanble dosye ki nesèsè yo, an jeneral ou ka mande yon pwolongasyon jiska 30 jou. Pou reta ki depase 30 jou, ou dwe fè yon demann alekri ki pwouve nesèsite pou gen plis tan.

### Reyinyon ouvèti

Nan premye reyinyon ou nan (*reyinyon ouvèti a*), verifikatè a pral:

- eksplike apwòch ak pwosedi kontwòl la,
- eksplike pwosesis kontwòl la, epi
- dekri dwa pwotestasyon ou genyen yo ak pwosedi pou apèl yo si w pa dakò ak yon ajisteman kontwòl.

Sèvi ak reyinyon sa a pou poze tout kesyon ou ta ka genyen konsènan dwa ak responsablite w genyen yo.

### Metòd pou kontwòl

Nou itilize plizyè metòd kontwòl ki diferan pou fè kontwòl yo. Nou ka fè:

- yon kontwòl detaye,
- yon kontwòl ki enplike yon metòd peryòd tès, oswa
- yon kontwòl ki enplike yon metòd echantyon estatistik.

Metòd yon verifikatè chwazi pral depann sou plizyè varyab, tankou kalite enpo, presizyon ak disponiblite dosye yo, ak gwosè ak konplikasyon nan yon biznis.

Anplis de sa, domèn pou aplike yon kontwòl ka elaji epi reyalize kòm yon kontwòl milti-fiskal.

Si rezilta pwovizwa yo gen yon efè enpòtan sou deklarasyon yon lòt enpo, yo ka transmèt rezilta sa yo bay yon lòt espesyalite fiskal nenpòt ki lè pandan pwosesis kontwòl la. Nou ka itilize ajisteman kontwòl yo nan yon espesyalite fiskal kòm yon baz pou rekalkile enpo nan yon lòt espesyalite fiskal, selon evènman yo ak sityasyon dosye a.

Konsènan taks sou vann ak taks sou itilizasyon konpansasyon, nou ka evalue tout enpo siplemantè egzijib sèlman si, pou repons ak demann nou fè pou dosye yo, ou pa gen okenn dosye, oswa dosye ou bay yo pa apwopriye pou nou detèmine enpo ki egzijib yo.

### Peryòd ak dire kontwòl la

An jeneral, yon kontwòl kouvri yon peryòd twazan, epi li ka dire plizyè jou oswa jiska yon ane oswa plis. Dire a gen rapò ak konplikasyon deklarasyon ki kontwole yo, ak disponiblite, entegralite ak presizyon nan dosye ou yo pandan yon delè.

### Rezilta kontwòl yo sou teren

Si nou detèmine pa gen okenn chanjman ki nesèsè, nou pral voye ba ou yon lèt ki fè konnen yo pa pral fè okenn chanjman nan deklarasyon ou nan, nan demann ranbousman ou nan, oswa nan dokiman yo.

Si gen chanjman, verifikatè a pral prezante kopi dokiman travay kontwòl la epi eksplike rezilta kontwòl yo, ansanm ak metòd pou kontwòl ak pwosedi yo te itilize pandan kontwòl la, nan tèm senp, ki pa teknik. Rezilta yo ka gen ladan:

- chanjman yo rekòmande nan pratik pou kenbe dosye pou korije erè kontab yo te jwenn pandan kontwòl la,
- yon eksplikasyon sou entèpretasyon ki kòrèk nan Lwa Fiskal la nan domèn kote te gen erè ki te fèt,
- yon avi sou enpo siplemantè ki egzijib, oswa
- yon avi ki endike yon ranbousman egzijib.

Nou pral ba w yon kantite tan ki rezonab pou w egzamine rezilta kontwòl yo. Annapre, verifikatè a pral analize nenpòt enfòmasyon adisyonèl ou soumèt epi, si sa apwopriye, revize epi soumèt dokiman travay yo.

Si kontwòl la abouti ak yon ranbousman, verifikatè a pral bay nenpòt asistans ou ka bezwen.

### Si w dakò

Si w dakò ak rezilta kontwòl la, nou pral mande w pou w siyen *Deklarasyon Chanjman ki Pwopoze nan Kontwòl la*, oswa dokiman ki menm jan an, epi pou w retounen li bay verifikatè a ak peman konplè.

Si w dwe lajan, men ou pa ka peye tout imedyatman, ou ka kalifye pou yon akò peman pa vèsman, ki pèmèt ou repati peman ou yo sou yon peryòd (gade *Akò peman pa vèsman*). Sepandan, ou ta dwe konnen, enterè (ak pètèt penalite) pral kontinye monte sou balans ki poko peye a.

### Si w pa dakò

Si w pa dakò ak rezilta kontwòl la, fè konnen dezakò w la nan *Deklarasyon Chanjman ki Pwopoze nan Kontwòl la* epi retounen li bay verifikatè a. Ou ka mande lòt rankont ak sipèvizè verifikatè a, si sa nesèsè.

Si w toujou pa dakò ak rezilta kontwòl yo, n ap voye ba ou yon *Avi Ensifizans oswa yon Avi Konsta* pou enpo ou dwe yo. Nan nivo sa a, ou ka fè apèl kont rezilta kontwòl yo, swa pa mwayen Biwo Sèvis Konsilyasyon ak Medyasyon an, oswa pa mwayen Divizyon Apèl Fiskal yo. An jeneral, ou dwe depoze apèl ou a nan espas 90 jou apre dat yo te pibliye avi a (gade *Dwa w genyen pou w konteste yon desizyon Depatman Enpo a pran*). Al gade nan avi ou te resevwa a pou w konnen delè ki aplikab la. Ou dwe soumèt yon apèl alekri menm si ou te deja ekri depatman an epi ou te konteste pozisyon yo te pran nan pwopozisyon an.

Malgre peman an pa obligatwa pandan w ap fè apèl kont yon *Avi Ensifizans oswa yon Avi Konsta*, ou ka peye montan egzijib ki pwopoze a, pou kanpe enterè adisyonèl la ak nenpòt penalite ki egzijib k ap monte, si finalman ou rekonèt ou responsab.

Ou ka peye tou nenpòt enpo ou dwe epi answit depoze yon reklamasyon pou ranbousman an nan delè ki aplikab pou enpo ki konsène a. Si nou refize reklamasyon w nan konplètman oswa an pati, ou ka chwazi fè apèl swa pa mwayen Biwo Sèvis Konsilyasyon ak Medyasyon an oswa pa mwayen Divizyon Apèl Fiskal la (Division of Tax Appeals), nan delè legal ki aplikab la.

### Kontwòl nan biwo

Yon kontwòl nan biwo se yon egzamen sou deklarasyon enpo, demann ranbousman, oswa lòt dokiman ou te soumèt. Pafwa, yon kontwòl nan biwo gen ladan oswa baze sou enfòmasyon yo jwenn nan lòt sous, tankou IRS. Li ka gen ladan tou yon

deklarasyon nou kwè ou ta dwe ranpli. Nou pral fè w konnen si yon kontwòl nan biwo ap fèt sèlman si nou bezwen mande plis enfòmasyon, oswa si nou detèmine swa ou dwe enpo adisyonèl oswa ou dwe yon ranbousman.

Si nou bezwen plis enfòmasyon, nou pral voye yon lèt pou mete w okouran sou kontwòl nan biwo a epi pou mande w enfòmasyon ki nesèsè yo. Nou pral ba w yon kantite tan ki rezonab pou w reponn ak demann nan. Si w reponn, nou pral egzamine repons ou a epi n ap fè w konnen rezilta nou jwenn yo.

### Rezilta kontwòl yo nan biwo

Si nou detèmine pa gen okenn chanjman ki nesèsè, nou pral voye ba ou yon lèt ki fè konnen yo pa pral fè okenn chanjman nan deklarasyon ou nan, nan demann ranbousman ou nan, oswa nan dokiman yo.

Si gen nenpòt lòt enpo ki egzijib, ou pral resevwa yon *Deklarasyon sou Chanjman ki Pwopoze nan Kontwòl la* oswa yon dokiman ki menm jan an, ki eksplike rezon an. Nou pral ba w yon kantite tan ki rezonab pou w reponn. Teknisyen an pral analize repons ou a epi, si sa apwopriye, fè nenpòt ajisteman nan kantite lajan ou dwe a. Sepandan, si kontwòl la abouti ak yon ranbousman, ou pral resevwa yon notifikasyon sou ranbousman w nan ansanm ak yon lèt eksplikasyon, sof si w dwe lòt enpo oswa yon dèt ki transfere nan Depatman Enpo (gade *Konpansasyon*).

Si rezilta pwovizwa yo gen yon efè enpòtan sou deklarasyon yon lòt enpo, yo ka transmèt rezilta sa yo bay yon lòt espesyalite fiskal nenpòt ki lè pandan pwosesis kontwòl la. Nou ka itilize ajisteman kontwòl yo nan yon espesyalite fiskal kòm yon baz pou rekalkile enpo nan yon lòt espesyalite fiskal, selon evènman yo ak sityasyon dosye a.

### Si w dakò

Si w dakò ak rezilta kontwòl la, nou gen dwa mande w pou w siyen *Deklarasyon Chanjman ki Pwopoze nan Kontwòl la* oswa dokiman ki menm jan an, epi peye montan ou dwe a.

Si ou dwe lajan, men ou pa ka peye tout imedyatman, ou ka kalifye pou yon akò peman pa vèsman, ki pral pèmèt ou repati peman ou yo sou yon peryòd (gade *Akò peman pa vèsman*). Sepandan, enterè (ak pètèt penalite) pral kontinye monte sou balans ki poko peye a.

### Si w pa dakò

Si w pa dakò ak rezilta kontwòl la, ou ta dwe soumèt plis enfòmasyon pou pwouve dezakò ou la, epi retounen ban nou yon kopi *Deklarasyon Chanjman ki Pwopoze nan Kontwòl la*. Teknisyen an pral egzamine nenpòt enfòmasyon siplemantè ou soumèt epi, si sa apwopriye, fè w konnen desizyon l an alekri.

Si w toujou pa dakò ak rezilta kontwòl yo, n ap voye ba ou yon *Avi Ensifizans* oswa *Avi Konsta* pou enpo ou dwe yo. Nan nivo sa a, ou ka fè apèl kont rezilta kontwòl yo, swa pa mwayen Biwo Sèvis Konsilyasyon ak Medyasyon an, oswa Divizyon Apèl Fiskal yo. An jeneral, ou dwe depoze apèl ou a nan espas 90 jou apre dat yo te pibliye avi a (gade *Dwa w genyen pou w konteste yon desizyon Depatman Enpo a pran*). Al gade nan avi ou te resevwa a pou w konnen delè ki aplikab la. Ou dwe soumèt yon apèl alekri menm si ou te deja ekri depatman an epi ou te konteste pozisyon yo te pran nan *Deklarasyon Chanjman ki Pwopoze nan Kontwòl la*, oswa dokiman ki menm jan an.

Malgre peman an pa obligatwa pandan w ap fè apèl kont yon *Avi Ensifizans* oswa yon *Avi Konsta*, ou ka peye montan egzijib ki pwopoze a, pou kanpe enterè adisyonèl ak nenpòt penalite ki egzijib k ap monte, si finalman ou rekonèt ou responsab.

Ou ka peye tou nenpòt enpo ou dwe epi ansuit depoze yon reklamasyon pou ranbousman nan delè ki aplikab pou enpo ki

konsène a. Si nou refize reklamasyon w nan konplètman oswa an pati, ou ka chwazi fè apèl nan Biwo Sèvis Konsilyasyon ak Medyasyon an oswa nan Divizyon Apèl Fiskal la, nan delè legal ki aplikab la.

### Demann pou ranbousman

Ranbousman ka soti nan nenpòt kalite enpo. Pi souvan, ranbousman enpo sou revni yo soti nan vèsman anplis yon kontribyab anrapò ak prelevman oswa enpo estimatif, oswa nan yon kredi enpo ranbousab, epi an jeneral kontribyab la mande ranbousman an lè li ranpli yon deklarasyon enpo sou revni anyèl. Nou fè ranbousman sa yo nan kad premye tretman deklarasyon ki te depoze a.

Aprè w fin ranpli yon premye deklarasyon, ou ka dekouvri ou te neglije yon kredi, yon dediksyon, oswa yon franchiz. Pou kèk kalite enpo, ou dwe ranpli yon deklarasyon amande pou reklame ranbousman an. Pou lòt kalite enpo, ou dwe soumèt yon demann ranbousman ansanm ak dokiman ki pwouve peman enpo ki pa egzak oswa peman anplis. Ale sou sit entènèt nou an pou plis enfòmasyon.

Si pandan yon kontwòl, yon evalyasyon, yon prelevman oswa yon pwosedi egzèkisyon, nou dekouvri ou te peye enpo anplis, nou dwe pataje sa avè ou. Sepandan, nou pa oblije pataje yon peman anplis, peye yon ranbousman, oswa akòde yon kredi si, nan moman dekouvèt la, peryòd la te fèmen akòz delè preskripsyon an.

An jeneral, si nou pa bay ranbousman ou nan yon peryòd tan presi, nou dwe peye w enterè. Pa egzanp, nou dwe ajoute enterè a sou montan ranbousman enpo sou revni pèsonèl ou a, si nou pa bay ranbousman an nan 45 jou ki vin apre dat limit deklarasyon w nan oswa dat ou te depoze demann ou a, selon dènye nan dat sa yo.

Nou ka apwouve yon demann pou ranbousman pou kantite lajan yo mande a, oswa ajiste l oswa refize li. Si yo apwouve w, ou pral resevwa yon ranbousman, plis nenpòt enterè ki aplikab. Si yo ajiste l, ou pral resevwa yon kantite lajan ki pa pase sa w te mande a, ak yon eksplikasyon sou ajisteman yo. Si nou refize demann ou a totalman oswa an pati, nou pral voye yon avi alekri ba ou pou eksplike nenpòt dwa kontestasyon ou ka genyen.

**Remak:** Si w dwe lòt enpo oswa yon dèt an favè nou, yon lòt ajans nan eta a, nan gouvènman federal la, nan Vil New York la oswa nan yon lòt eta, nou ka peye yo tout oswa yon pati nan ranbousman ou nan. Nou pral fè w konnen *konpansasyon ranbousman sa a*. Si w gen nenpòt kesyon konsènan yon dèt ou pa dwe nou, kontakte lòt ajans la, gouvènman federal la, Vil New York, oswa lòt eta a dirèkteman (gade *Konpansasyon*).

Si w pa dakò ak ajisteman an oswa ou rejte yon ranbousman, ou ka bay plis enfòmasyon pou pwouve pozisyon ou nan. Si w te resevwa yon *Avi pou Anilasyon* ki ajiste oswa ki anile ranbousman ou te mande a, ou ka mande yon rankont konsilyasyon ak Biwo Sèvis Konsilyasyon ak Medyasyon an, oswa depoze yon demann pou yon odyans nan Divizyon Apèl Fiskal la, nan tan ki endike nan avi a (gade *Dwa w genyen pou konteste yon desizyon Depatman Enpo a pran*). Delè ou genyen pou mande yon rankont konsilyasyon oswa depoze yon demann okenn lòt korespondans pa t pwolonje oswa kontak avèk nou.

Menmsi ou ka mande tou yon rankont konsilyasyon oswa depoze yon demann pou yon odyans si sis (6) mwa te pase depi ou te depoze yon demann ranbousman nan delè yo epi ou pa t deja depoze yon demann pou yon defisi nan enpo sou revni oswa nan konpayi yo pou menm ane fiskal la, ou ka vle wè pou nou gen yon chans pou egzamine tout enfòmasyon ki enpòtan yo. Pou enpo sou revni ak enpo sou konpayi yo, ou dwe depoze demann nan oswa petisyon an nan dezan ki vin annapre dat nou te voye *Avi Anilasyon* annan lapòs. Lòt enpo yo gen diferan delè pou mande yon rankont konsilyasyon oswa yon demann

## Paj 4 8 Piblikasyon 131 (9/22)

pou yon odyans. Pa egzanp, si nou refize yon demann pou ranbousman taks sou vann, ou dwe depoze yon demann oswa yon petisyon nan 90 jou apre dat nou te refize demann nan.

Gen yon delè preskripsyon pou mande ranbousman yo. Pou pifò enpo, ou dwe depoze deklarasyon amande yo, oswa lòt demann pou ranbousman yo, nan twazan apre dat premye deklarasyon ki te egzijib la oswa ki te depoze, oswa nan dezan apre dat ou te peye enpo a, selon dènye nan dat sa yo.

Si w pa t depoze yon deklarasyon, lè sa a ou dwe depoze demann pou ranbousman an nan dezan apre dat ou te peye enpo a.

Si w depoze yon deklarasyon amande oswa mande ranbousman enpo sou revni, enpo sou konpayi yo, oswa taks sou vann pandan peryòd twazan, ranbousman ki otorize a pa gendwa depase pòsyon enpo ki peye pandan peryòd twazan an imedyatman anvan depozisyon demann ranbousman an, plis peryòd nenpòt pwolongasyon nan delè pou depoze deklarasyon an. Si w depoze deklarasyon amande a oswa demann nan pandan yon peryòd dezan, ranbousman ki otorize a pa ka depase pòsyon enpo ki peye a pandan peryòd dezan imedyatman anvan demann pou ranbousman an.

Ou ka depoze yon deklarasyon amande pou enpo sou revni, sou byen imobilye, oswa sou konpayi yo, oswa depoze yon demann pou ranbousman, ki depase peryòd yo mansyone pi wo yo, si ranbousman an gen rapò ak yon chanjman oswa koreksyon federal ki deklare ou **dwe** rapòte bay Eta New York. Ou dwe depoze yon deklarasyon amande oswa yon demann pou ranbousman nan dezan apre dat notifikasyon chanjman an oswa koreksyon an te dwe.

Fòm demann ranbousman an, deklarasyon, oswa lòt metòd ou dwe itilize depann sou enpo w ap chèche yon ranbousman pou li. Pou jwenn enfòmasyon sou delè ki aplikab yo kote ou dwe prezante demann pou ranbousman ou nan, epi pou jwenn fòm ki apwopriye yo, gade *Bezwen èd?*.

## Penalite ak enterè

Twa rezon ki plis popilè pou penalite yo se:

- depozisyon an reta,
- enpo anreta, ak
- peman ki pa sifi pou enpo estimatif.

Nan tèm ki pi senp yo, evite penalite ak enterè se yon kesyon ki gen rapò ak depoze deklarasyon enpo ou yo epi peye montan egzak enpo yo alè. Si w pa klè sou nenpòt nan responsablite fiskal ou yo, sèvi ak resous ki dekri nan piblikasyon sa a pou aprann plis sou obligasyon ou yo anrapò ak depo yo.

Montan penalite pou depo ki anreta yo ak enpo ki anreta yo baze jeneralman sou montan enpo ki anreta yo. Sepandan, genyen plizyè penalite pou depo ki anreta menm si ou pa dwe enpo.

Enterè ak nenpòt penalite k ap kontinye ajoute sou kantite lajan nou dwe jiskaske nou resevwa peman an okonplè. Tout enterè yo konpoze chak jou. Pou to enterè ki aplikab yo, vizite sit entènèt nou an (gade *Bezwen èd?*).

## Dwa w genyen pou konteste yon desizyon Depatman Enpo a pran

Si w pa dakò ak yon dènye desizyon nou pran, ou ka konteste lè w depoze Fòm CMS-1-MN, *Demann Rankont Konsilyasyon*, ak Biwo Sèvis Konsilyasyon ak Medyasyon, oswa lè w depoze Fòm TA-100, *Demann* pou yon odyans pou fè apèl fiskal ak Divizyon Apèl Fiskal yo. Aksyon sa yo kapab gen ladan:

- piblikasyon yon defisi fiskal oswa yon desizyon;

- rejte yon demann ranbousman; oswa
- rejte oswa anile yon lisans, anrejistre, oswa sètifika franchiz.

Ou dwe depoze demann oswa petisyon an nan kèk delè apati dat kote Depatman Enpo a te voye ba ou nan lapòs yon avi sou desizyon nou an. Al gade nan avi ou te resevwa a pou w konnen delè ki aplikab la. Delè sa yo etabli grisa Lwa Fiskal la epi yo pa kapab pwolonje. Si w ap voye demann oswa petisyon an nan lapòs, nou rekòmande pou w itilize kourye ki **sètifye** oswa **anrejistre**. Ann amoni ak règ sa a, dat depozisyon an se dat anvlop ki gen demann nan oswa petisyon an Sèvis Pòstal Ameriken an te voye, oswa dat ki anrejistre oswa make, jan sa dekri nan Kòd Revni Entèn (Internal Revenue Code) nan seksyon 7502 grisa yon sèvis livrezon prive ki otorize. Piblikasyon 55, *Sèvis Livrezon Prive ki Otorize*, bay lis sèvis livrezon prive yo apwouve pou objektif sa a.

Ou ka parèt sou pwòp non w, oswa ou ka gen yon reprezantan otorize ki prezante ka w la pou egzamine. Yon reprezantan otorize dwe jwenn yon manda nan men ou pou prezante sou non ou. Pou jwenn enfòmasyon sou fason pou bay yon manda, vizite sit entènèt nou an (gade *Bezwen èd?*).

Si montan ki konteste a twouve l nan kèk limit finansye, ou ka chwazi pou fè òganize odyans ou a nan Divizyon pou Apèl Fiskal yo nan Inite pou Ti Demann (gade *opsyon pou Ti Demann*).

**Remak:** Moun ki depoze enpo pou imobilye yo pa kalifye pou odyans devan Divizyon Apèl Fiskal la, gade *Dwa pou fè apèl pou enpo Imobilye*.

Ou pa gen dwa pou odyans pou peman davans nan Biwo Sèvis Konsilyasyon ak Medyasyon an oswa nan Divizyon Apèl Fiskal yo si w dwe enpo, enterè oswa penalite akòz:

- erè kalkil oswa ekriti nan deklarasyon w nan,
- chanjman IRS te fè nan deklarasyon federal ou a, oswa
- Ou pa peye tout oswa yon pati nan kantite lajan ou dwe jan yo montre sa nan deklarasyon ou an.

## Rankont konsilyasyon

Yon rankont konsilyasyon se yon fason ki efikas epi ki pa chè pou eseye trete kontestasyon yo. Yon medyatè ap fè rankont lan yon fason enfòmèl ki pral egzamine tout prèv yo prezante yo pou detèmine yon rezilta ki ekritab. Apre rankont lan, medyatè a pral voye yon rezolisyon yo pwopoze nan fòm yon konsantman. Si ou pa siyen konsantman an, yo pral pibliye yon lòd konsilyasyon. Lòd konsiltasyon sa a obligatwa **sof siou** depoze yon demann, Fòm TA-100, ak Divizyon Apèl Fiskal la.. Al gade nan enfòmasyon ou te resevwa ak lòd la pou w konnen delè ki aplikab la pou w fè depo a.

Rankont konsilyasyon yo pa disponib pou distribitè yo, transpòtè enpòtè yo, operatè tèminal yo, oswa antrepriz petwole yo kote pwoblèm nan se yon ogmantasyon nan kantite lajan pou yon obligasyon oswa lòt sekirite. Se sèlman Divizyon Apèl Fiskal yo ki ka trete pwoblèm sa yo.

Ou ka mande yon rankont konsilyasyon atravè yon kont Sèvis Entènèt ak depatman an (ale nan avi ou te resevwa a pou jwenn enstriksyon, epi si sa posib, vizite sit entènèt nou an epi fè rechèch: *OLS* pou kreye yon kont si ou pa gen youn) oswa lè w voye Fòm CMS-1-MN bay Biwo Sèvis Konsilyasyon ak Medyasyon an pa mwayen faks nan 518-435-8554, oswa nan lapòs nan:

**NYS TAX DEPARTMENT  
CONCILIATION & MEDIATION SERVICES  
W A HARRIMAN CAMPUS  
ALBANY NY 12227-0918**

Si w pa sèvi ak kourye Ameriken, gade Piblikasyon 55, *Sèvis livrezon prive ki Otorize*.

## Odyans apèl pou enpo

Pou mande yon odyans apèl pou enpo, ou dwe depoze Fòm TA-100 nan Divizyon Apèl Fiskal yo. Demann nan dwe fèt alekri e li dwe montre byen klè ki desizyon w ap konteste.

Odyans lan se yon pwosè konfliktiyèl devan yon jij lwa administratif san patipri. Yo pral anrejistre odyans lan yon fason estenografik. Apre odyans lan, jij lwa administratif la pral pibliye yon desizyon ki pral tranche kesyon yo pral diskite yo **sof si** oumenm oswa Depatman Enpo a mande pou Tribinal Apèl Fiskal yo egzamine desizyon an. Si sa rive, Tribinal la pral:

- egzamine dosye odyans lan ak nenpòt agiman siplemantè aloral oswa alekri, **epi**
- pibliye yon desizyon ki konfime, ranvèse, oswa modifiye desizyon jij lwa administratif la, **oswa**
- retounen dosye a bay jij lwa administratif la pou lòt odyans.

Fòm TA-100 ak *Règ Pratik ak Pwosedi yo* disponib sou *sitwèb Divizyon Apèl Fiskal yo ak Tribinal Apèl Fiskal yo nan www.dta.ny.gov*. Ou ka mande yo tou lè w rele 518-266-3000, oswa lè w ekri:

**DIVISION OF TAX APPEALS  
AGENCY BUILDING 1  
EMPIRE STATE PLAZA  
ALBANY NY 12223**

Yon demann pou fòm petisyon ak règ yo **pa** konsidere kòm depo pou yon demann odyans anrapò ak delè yo, epi li pa pwolonje delè pou depoze yon demann.

## Egzamen tribinal la

Si w pa dakò ak desizyon Tribinal Apèl Fiskal yo, ou ka mande yon egzamen jidisyè. Gen delè kote w ka fè apèl pou egzamen jidisyè (an jeneral, nan kat (4) mwa apati dat Tribinal Apèl Fiskal yo fè w konnen desizyon an, nan kourye ki apwouve oswa sèvis pèsonèl). Pou kèk enpo, ou dwe peye enpo, enterè, ak penalite; oswa afiche yon obligasyon pou kantite lajan sa yo, plis frè jidisyè yo, lè ou depoze yon apèl pou egzamen jidisyè.

## Opsyon pou ti demann

Si kantite lajan ki konteste a twouve l nan limit an dola *Règ Pratik ak Pwosedi yo* fikse yo, ou ka chwazi pou fè egzamine dosye w la nan Inite Ti Demann nan Divizyon Apèl Fiskal yo. Yon ofisye san patipri ap prezide odyans pou ti demann yo. Desizyon ofisye prezidan an definitiv epi okenn lòt inite nan Divizyon Apèl Fiskal yo, Tribinal Apèl Fiskal yo, oswa nenpòt tribinal nan eta a pa kapab egzamine l.

## Dispans anrapò ak responsablite kòm yon konjwen inosan

Si w depoze yon deklarasyon enpo sou revni kolektif, ni ou menm ni konjwen ou, yon fason jeneral, responsab pou enpo ak nenpòt enterè oswa penalite yo dwe sou deklarasyon an. Sa vle di, si yon konjwen pa peye enpo li dwe a, lòt la ka oblije peye li. Ou ka kalifye pou dispans anrapò ak responsablite pou enpo sou yon deklarasyon kolektif si:

- gen yon rediksyon nan evalyasyon enpo a paske konjwen ou nan neglije revni yo oswa mande fo dediksyon oswa kredi;
- ou divòse, separe, oswa si w pap viv ak konjwen w ankò; epi
- akòz tout reyalyte ak sikonstans yo, li t ap enjis pou yo rann ou responsab pou enpo a.

Pou plis enfòmasyon, gade:

- Piblikasyon 89, *Dispans Konjwen Inosan (ak Separasyon Responsablite ak Dispans Ekitab)*, epi
- Fòm IT-285, Demann pou Dispans Konjwen Inosan (*ak Separasyon Responsablite ak Dispans Ekitab*), ak enstriksyon li yo.

## Dwa pou fè apèl enpo pou byen imobilye

Ou ka konteste yon *Avi Ensifizans* oswa refi pou yon demann ranbousman enpo pou byen imobilye lè w depoze Fòm CMS-1-MN nan Biwo Sèvis Konsilyasyon ak Medyasyon an (gade *Dwa w genyen pou konteste yon desizyon Depatman Enpo a pran*), oswa lè w depoze yon demann pou kòmanse yon pwosedi espesyal nan Tribinal Ranplasan an. Si w vle pouswiv yon aksyon nan tribinal, men ou chwazi pou w pa depoze Fòm CMS-1-MN, oswa si ou pa dakò ak yon *Lòd Konsilyasyon*, ou dwe depoze yon *Avi pou Demann* ak yon *Demann ki Verifye* nan Tribinal Ranplasan an nan konte ki gen kapasite pou tranche anrapò ak byen imobilye yo. Demann nan dwe fèt alekri e li dwe montre byen klè ki desizyon w ap konteste.

Ou dwe ranpli epi depoze demann nan ann amoni ak lwa ki aplikab la, anvan dat ki endike nan *Avi Ensifizans*, *Avi pou Anile*, oswa *Lòd Konsilyasyonou* te resevwa a.

Pou jwenn yon fòm demann, kontakte grefye Tribinal Ranplasan lokal la ki gen otorite pou tranche pou byen imobilye yo. Yon demann pou fòm petisyon ak règ yo pa konsidere kòm depo pou yon demann, epi li pa pwolonje delè pou depoze yon demann.

Si w depoze yon *Avi pou Demann* ak yon *Demann ki Verifye* nan Tribinal Ranplasan an, ou dwe depoze yon kopi nan menm moman an bay Komisyonè Enpo ak Finans lan. Voye kourye a nan:

**NYS TAX DEPARTMENT  
OFFICE OF COUNSEL  
W A HARRIMAN CAMPUS  
ALBANY NY 12227-0911**

Si w pa sèvi ak kourye Ameriken, gade Piblikasyon 55, *Sèvis livrezon prive ki Otorize*.

## Pwosesis pou prelevman

Lè dwa ou genyen pou fè apèl la ekspire oswa yo fin itilize, Divizyon Egzekisyon Sivil nou an kòmanse pwosedi pou prelevman an. Anvan sa kòmanse, ou pral gen opòtinite pou peye dèt enpo w la. Nan kèk sikonstans, ou ka mande yon akò peman pa vèsman, ki pral pèmèt ou repati peman ou yo.

Si w gen gwo pwoblèm finansye, ou ka deside tou soumèt yon òf pou konpwomi. Sepandan, nou pa pral nesesèman aksepte òf la. Nou konsidere òf kontribyab yo:

- **fèk** soti nan yon fayit,
- ki an fayit (dèt yo depase byen yo), epi
- pou moun prelevman total la ta lakòz **gwo difikilte ekonomik** tankou moun nan pa t ap kapab peye depans pou viv ki rezonab yo.

An jeneral, kantite lajan ki ofri nan konpwomi an dwe, yon fason rezonab, reflekte kapasite prelevman an. Pou plis enfòmasyon anrapò ak òf sou konpwomi an, gade Piblikasyon 220, *Pwogram Òf sou Konpwomi*.

## Akò pou peman pa vèsman

Si w pa kapab finansyèman peye tout montan dèt ou a nan yon sèl vèsman, ou ka kalifye pou yon akò peman pa vèsman. Pou aplike, vizite sit entènèt nou an (gade *Bezwen èd?*). Selon akò a, ou ka peye montan total enpo w la pa vèsman chak mwa. Nou pral etabli yon aranjman peman dirèk ak enstitisyon finansye w la, anrapò ak peman vèsman chak mwa y ap retire otomatikman epi remèt li bay bank k ap trete dosye nou an.

Sepandan, sa pa mete yon limit nan montan total ou dwe a. Jiskaske dèt fiskal ou a regle, enterè ak tout penalite pral kontinye monte sou tout balans ki poko peye.

Pou kalifye pou yon akò peman pa vèsman, ou ka bezwen ranpli Fòm DTF-5 la, *Deklarasyon Sitiyasyon Finansye*, epi bay

## Paj 6 8 Piblikasyon 131 (9/22)

lòt enfòmasyon pou pwouve sityasyon finansye ou kounye a ak posiblite ou pa genyen pou fè peman an okonplè. Ou dwe depoze tou deklarasyon ou yo epi peye tout enpo alavni yo lè yo vin egzijib. Si w pa peye nouvo dèt fiskal ou yo oswa si w pa depoze yon deklarasyon alè, ou pral gen yon mankman dapre akò a. Apre nou fin ba ou avi sou mankman ou nan, nou ka rekòmanse kolekte montan ki dwe yo selon akò peman an, oswa nou ka modifiye oswa mete fen nan akò a.

Nou pral aplike tout peman, ranbousman, oswa lòt lajan ou dwe sou dèt fiskal w ap peye pa vèsman an. Tout sòm ki aplike konsa pral diminye delè ranbousman an nan akò peman pa vèsman ou nan, men ou toujou oblije peye montan mansyèl yo te dakò yo jiskaske ou fin peye dèt ou a nèt (gade *Konpansasyon*).

Nou ka mete fen nan yon akò peman pa vèsman nenpòt ki lè san avètisman si nou kwè prelevman enpo a an danje. Sinon, nou ka mete fen oswa modifiye yon akò peman pa vèsman sèlman nan omwen 30 jou avi alavans, ki eksplike rezon an, nan nenpòt nan sityasyon sa yo:

- Nou jwenn enfòmasyon ou te bay anvan ou te antre nan akò a pa kòrèk oswa pa konplè.
- Sityasyon finansye ou chanje yon fason ki konsiderab.
- Ou pa peye yon peman pa vèsman oswa tout lòt dèt fiskal nan dat limit la.
- Ou pa t depoze pwochen deklarasyon yo alè.
- Ou pa bay enfòmasyon ki ajou sou sityasyon finansye ou lè yo mande w sa.

Si nou mete fen nan akò a, annapre nou ka rekòmanse operasyon pou prelevman sou dèt la.

Kit ou antre kit ou pa antre nan yon akò peman, nou kapab depoze tou yon manda fiskal nan grèf konte ki konsène a ak nan Depatman Deta Eta New York la, pou asire priyorite nou sou pwochen kreditè ou yo (gade *Manda Fiskal*).

Si w pa fin peye tout dèt fiskal ou a oswa si w pa respekte delè akò peman pa vèsman an, oswa si nou anile oswa rejte yon òf nan konpwomi, nou ka itilize nenpòt oswa tout aktivite sa yo pou kolekte dèt fiskal ou a.

### Manda fiskal

Nou ka depoze yon manda fiskal kont ou. Yon *manda fiskal* se menm ak yon jijman sivil kont ou. Se yon dosye piblik ki depoze nan biwo grefye konte Eta New York ki konsène a ak nan Depatman Deta Eta New York la. Yo afiche enfòmasyon sou manda a sou sitwèb Depatman Deta a.

Yon manda fiskal ki depoze kreye yon privilèj sou byen imobilye ak pèsònèl ou yo, sa ki ka afekte kapasite w genyen pou w jwenn kredi oswa achte oswa vann pwopriyete, epi li pèmèt nou sezi ak vann byen imobilye ak pèsònèl ou yo, oswa sezi salè ou oswa lòt revni ou genyen.

### Prelèvman

Yon *prelevman* se yon sezi legal byen w yo. Nan pifò ka, anvan yo fè yon prelevman, nou pral voye yon Fòm DTF-978, *Avi pou Debite Jidisyè oswa Anprentè*, ki bay yon lis byen yo kapab evite nan operasyon koleksyon yo. Pi souvan, yo fè yon prelevman sou kont labank, epi sa mande pou yon bank retire lajan sou kont ou epi voye li ban nou. Yon prelevman kapab fèt tou sou lajan nenpòt twazyèm pati ki dwe ou, tankou yon prè oswa lwaye yo dwe ou. Si w se yon kontribiyab komèsyal, yon prelevman ka aplike sou nenpòt lajan kach ki disponib, oswa sou byen komèsyal yo, tankou machin ak ekipman.

### Egzekisyon sou revni

Yon *ekzekisyon sou revni* se yon kalite prelevman ki ka fèt sou salè ou. Nou pral mande w pou w peye volontèman jiska 10% nan salè brit ou chak fwa yo peye w. Si w pa fè peman

volontè yo, nou pral fè patwon ou nan retire yon fason otomatik jiska 10% nan salè brit ou nan chèk ou epi voye li ban nou. Egzekisyon sou revni an ap rete an vigè jiskaske dèt fiskal ki poko peye a regle.

### Sezi ak vann

Nou ka sezi epi vann piblikman byen imobilye oswa pèsònèl ou yo ki pa evite.

Pandan yon sezi komèsyal, ajan koleksyon yo ka fè chanje kadna ki nan lokal komèsyal ou a, yon fason pou anpeche w gen aksè nan lokal komèsyal ou a ansanm ak byen komèsyal ou yo. Ajan yo kapab tou retire tout machandiz ki nan biznis ou a, oswa sezi byen komèsyal ou yo epi estoke yo yon lòt kote jiskaske byen yo vann piblikman.

Si nou sezi byen w yo, nou pral fè w konnen dat, lè, ak kote y ap fè vant piblik la. Nan nenpòt ki lè anvan vant piblik la kòmanse, nou pral libere byen yo epi retounen yo ba ou si ou peye tout kòb la; oswa si w fè aranjman ki rezonab pou peye enpo, penalite, ak enterè ou dwe yo, ansanm ak depans nou te fè nan sezi ak nan preparasyon pou vant piblik la.

Ou gen dwa mande pou vann nenpòt byen yo sezi nan 60 jou apre demann nan, oswa nan kèk delè ki pi long. Nou pral onore demann ou a, sof si li vrèman nan enterè eta a pou kenbe byen an pou yon peryòd ki pi long, nan ka sa a nou pral fè w konnen.

Nou pral vann byen w nan ann amoni ak Lwa ak Règ sou Pratik Sivil nan New York yo.

Depi yo fin vann byen ou yo, n ap voye ba ou yon rapò kontab sou dekèsman montan vant piblik la. Si pwodui a depase dèt ou a ak depans nou yo, nou pral retounen ba ou sa ki anplis la.

### Anile prelevman

Nou pral anile yon prelevman sou tout oswa yon pati nan byen w nan, epi n ap voye avi sou anilasyon an, si:

- ou depoze yon demann pou fayit;
- ou peye dèt ki konsène a, oswa li vin pa aplikab apre yon tan;
- Anile prelevman an pral fasilite koleksyon dèt la;
- ou antre nan yon akò peman pa vèsman ki prevwa yon fason ki klè anilasyon prelevman an;
- valè machanm byen yo sezi ki ekitab ki depase dèt fiskal ou a, epi anile yon pati nan byen an kapab fèt san yo pa anpeche koleksyon dèt ou a; oswa
- si w se yon patikilye, nou detèmine prelevman an ap kreye yon difikilte ekonomik akòz sityasyon finansye ou.

Si nou sezi byen ki esansyèl nan komès oswa biznis ou, nou pral detèmine si yo kapab anile byen w yo sou baz rezon ki endike anwo yo. Si nou anile prelevman sou byen w yo, sa pap anpeche alavni nou fè prelevman byen an si sa nesèsè pou kolekte dèt fiskal ou a.

Si yo te fè prelevman yon byen yon fason ki pa nòmal, nou ka remèt byen nou te sezi a, lajan ki egal ak valè machanm ki ekitab, oswa kantite lajan yo te sezi a, ak enterè, si sa aplikab.

### Konpansasyon

Tout montan eta a kapab dwe ou pou machandiz oswa sèvis ou te vann oswa bay tout ajans eta a oswa yon antite nan eta a, yo ka kenbe l epi aplike l sou tout dèt fiskal ou dwe eta a. Si yon montan yo dwe w gen rapò ak kalite konpansasyon sa a, nou pral voye yon avi alekri davans.

Mete sou sa, nan kèk sikonstans, tout ranbousman enpo nan Eta New York oswa lòt montan yo dwe w ou kapab konpanse pou peye dèt fiskal ou yo nan Eta New York, oswa yo ka voye li bay yon lòt ajans nan eta a, nan gouvènman federal la, nan Vil New York, oswa yon lòt eta kote ou dwe lajan oswa enpo. Lòt ajans eta a, gouvènman federal la, Vil New York, oswa lòt

eta a pral voye ba ou yon avi alekri alavans epi annapre aplike ranbousman ou nan pou dèt ou a.

Si w gen yon dèt fiskal ki poko peye k ap aplike yon fason legal nan Eta New York, Vil New York oswa nan Yonkers ki aplike legalman, yo pral transfere l bay gouvènman federal la oswa nenpòt eta k ap patisipe nan Pwogram Konpansasyon an nan Plizyè Eta. Ranbousman enpo sou revni federal ou a oswa lòt ranbousman nan eta a ka aplike pou dèt fiskal ou a nan Eta New York, jiska kantite lajan ou dwe a.

### Ranbousman konjwen ki pa obligatwa

Si w depoze yon deklarasyon enpo sou revni kolektif epi ou espere resevwa yon ranbousman, nou ka itilize ranbousman an pou peye dèt fiskal konjwen ou nan oswa lòt dèt ou dwe yon ajans nan Eta New York. Si w pa ta renmen pou pati pa w la nan ranbousman an sèvi pou peye dèt konjwen w nan, ranpli Fòm IT-280, *Alokasyon Konjwen ki pa Obligatwa*, epi fè youn nan bagay sa yo:

- Mete fòm nan ansanm ak deklarasyon enpo sou revni ou nan.
- Depoze fòm nan nan dis (10) jou apre avi nou voye ba ou a pou fè w konnen yo pral itilize ranbousman an pou konpanse lòt dèt.

Fòm IT-280 an pa pèmèt ou anile dèt konjwen ou yo nan gouvènman federal la, oswa dèt fiskal ou te dwe yo nan yon lòt eta.

### Bloke lisans chofè pou pa peye enpo

Lisans chofè ou genyen nan Eta New York la kalifye pou bloke grasa Depatman Veyikil ki gen Motè yo (Department of Motor Vehicles, DMV) si w te deja gen yon dèt fiskal ki estab ak definitiv nan Eta New York ki omwen \$10,000.

Anvan yo bloke lisans chofè w la, nou pral voye ba ou yon avi ki fè konnen ou gen 60 jou pou w peye dèt la totalman, pou w fè aranjman pou pran dispozisyon pou peman ki akseptab, oswa pou w konteste sispansyon yo pwopoze a sèlman pou nenpòt nan rezon sa yo:

- Ou pa kontribyab yo site nan avi a.
- Ou te peye dèt fiskal ki pase yo totalman.
- Yo sezi salè w pou peye aryere dèt fiskal ki konsène a, oswa pou peye aryere sipò pou timoun oswa pou peye aryere konbine sipò timoun ak konjwen.
- Lisans chofè ou genyen an se yon lisans komèsyal.
- Ou resevwa asistans piblik oswa revni sekirite siplemantè.
- Ou demontre sispansyon lisans chofè w la pral lakòz ou gen gwo difikilite ekonomik.
- Nou twouve sa pa nòmal pou ou pa respekte delè ki nan yon aranjman pou peman ki plis pase yon fwa nan yon peryòd 12 mwa.

Ou ka eseye tou pwouve ou kalifye pou jwenn dispans pou konjwen inosan (gade Piblikasyon 89, *Dispans pou Konjwen Inosan (ak Separasyon Dèt ak Dispans Ekitab)*), oswa depoze yon demann pou fayit pou bloke egzekisyon dèt ki konsène yo (rele Inite pou Fayit nan Depatman an nan 518-457-3160).

Si w pa reponn avi a, nou pral transfere dosye w la bay DMV pou bloke lisans chofè w la. Anvan sispansyon reyèl la fèt, DMV pral voye yon dènye lèt ba ou k ap fè w konnen ou gen 15 jou ouvrap pou regle dèt fiskal ou yo nan Depatman Enpo a. Pou jwenn enfòmasyon sou posiblite pou jwenn yon lisans pou kondui ak itilizasyon ki limite, vizite sit entènèt DMV a nan [www.dmv.ny.gov](http://www.dmv.ny.gov).

### Evalyasyon moun ki responsab

Pou enpo tankou taks sou vann ak taks sou itilizasyon, taks yo kenbe, ak taks endirèk sou gaz motè, moun ki responsab yon biznis kapab konsidere kòm moun ki responsab pèsònèlman

pou dèt fiskal ki pa peye yo nan konpayi Eta New York la. Yo ka konsidere w kòm yon moun ki responsab si w se yon ofisyè, yon direktè, oswa yon anplwaye nan yon konpayi oswa nan yon konpayi ki fè fayit, oswa ou se yon anplwaye nan yon asosyasyon oswa yon konpayi prive ki te gen responsablite pou aji pou konpayi a pou rive respekte dispozisyon ki enpòtan nan Lwa Fiskal la. Pou kapab responsab pou kenbe taks la, yon moun ki responsab dwe aji tou volontèman pou pa kolekte oswa peye enpo.

Faktè nou konsidere pou detèmine si ou se yon moun ki responsab gen ladan si ou:

- patisipe aktivman nan jere antrepriz la sou yon baz regilye;
- patisipe nan desizyon obligasyon finansye ki peye yo;
- patisipe nan aktivite pèsònèl (tankou anboche oswa revoke anplwaye);
- gen otorizasyon pou siyen chèk;
- prepare deklarasyon enpo;
- gen otorite sou desizyon komèsyal yo;
- se yon direktè fiskal oswa yon direktè jeneral; oswa
- se yon ajan komèsyal.

Nan kèk sikonstans, yo ka ba w yon evalyasyon pou moun ki responsab menm si w pa gen obligasyon pou w aji pou konpayi a. Pa egzanp, pou taks sou vann ak itilizasyon, nou ka ba ou yon evalyasyon pou moun ki responsab la si ou se yon manm nan yon asosyasyon oswa nan yon konpayi ki gen responsablite limite, kit ou gen dwa oswa kit ou pa gen dwa pou aji nan non asosyasyon an oswa konpayi ki gen responsablite limite a.

Si nou ba ou yon evalyasyon pou moun ki responsab epi ou pa dakò ak sa, an jeneral, ou gen 90 jou pou w fè apèl, swa lè w mande yon rankont konsilyasyon, oswa si w mande yon odyans nan Divizyon Apèl Fiskal la. Apèl la ba ou dwa pou yon odyans pou prezante tout enfòmasyon ou ka genyen pou rejte evalyasyon an ak responsablite w kòm yon moun ki responsab. Nou pral mete yon eksplikasyon konplè sou dwa w genyen pou konteste yon evalyasyon ansanm ak premye dokiman evalyasyon w nan. Pou taks sou vann ak itilizasyon sèlman, yo pral konsidere w te fè apèl si biznis ou a mande yon rankont konsilyasyon, oswa yon demann pou yon odyans apèl fiskal pou menm dèt fiskal la. Sepandan, si ou pa sèten biznis la te fè apèl la alè, epi ou vle fè apèl pou evalyasyon an, ou ta dwe mande pwòp rankont konsilyasyon ou oswa yon demann pou yon odyans apèl fiskal.

Depi evalyasyon pou moun ki responsab la fini, nou ka itilize tout metòd koleksyon ki disponib sou byen ou yo. Nou ka kolekte nan men ou montan total dèt biznis la dwe a, menm si gen lòt antite oswa moun ki enplike ki ka sibi yon evalyasyon menm jan an. Dèt fiskal pou moun ki responsab yo pa anile lè gen fayit.

### Dèt fiskal pou egzekite yo ak benefisyè yo anrapò ak byen imobilye

Si w se egzektè oswa administratè yon byen imobilye epi ou pataje byen an ak yon benefisyè byen imobilye, oswa ou peye yon dèt pou byen imobilye a anvan ou peye enpo sou byen imobilye a nan New York, ou ka responsab pèsònèlman enpo sou byen imobilye ki poko peye yo. Ou pral kontinye responsab jiskaske swa yo peye enpo sou byen imobilye a nèt oswa jiskaske depatman an otorize yon piblikasyon privilèj enpo sou byen imobilye. Anplis de sa, si ou te resevwa yon pwopriyete nan yon byen imobilye kòm yon benefisyè, ou ka responsab pèsònèlman pou enpo sou byen imobilye a ki poko peye jiska valè ki koresponn ak pwopriyete ou te resevwa a. Sepandan, sa pa gen ladan l byen anrapò ak konjwen ki mouri a ak konjwen ki vivan an ki kenbe kolektivman.

### Kont konfyans

Si w se yon antrepriz ki dwe taks sou vann epi ki sèvi ak taks

## Paj 8 8 Piblikasyon 131 (9/22)

oswa ki kenbe taks, ou ka bezwen ouvri yon kont konfyans oswa yon kont separe nan yon enstitisyon finansye, pou depoze taks w ap kolekte nan men kliyan yo, oswa kenbe yo nan salè anplwaye yo. Kont konfyans lan bay asirans enpo yo dwe yo disponib lè deklarasyon enpo yo egzijib.

Nou pral mande w pou w ouvri yon kont konfyans lè rezilta ki pase yo montre gen aryere enpo ki la lontan.

### Anilasyon oswa sispansyon *Sètifika Otorizasyon an oswa refize bay yon Sètifika Otorizasyon*

Nou gendwa anile oswa sispann *Sètifika Otorizasyon* w nan pou kolekte taks sou vann ak itilizasyon pou pa respekte yon fason volontè kèk egzijans nan Lwa Fiskal la, tankou fè espere pa depoze yon deklarasyon oswa pa peye enpo. Si yo anile oswa sispann *Sètifika Otorizasyon* w nan, yo pral entèdi pou w angaje w nan nenpòt biznis nan Eta New York k ap egzije yon *Sètifika Otorizasyon*. Si w eseye rete nan biznis ak yon sètifika ki anile oswa sispann, oswa kòmanse yon nouvo biznis san yon sètifika obligatwa, nou ka enpoze sanksyon sivil ak kriminel. Nou gendwa refize bay yon *Sètifika Otorizasyon* tou nan ka kote yo te deja pa respekte Lwa Fiskal la.

Si nou kòmanse yon pwosedi pou anile oswa sispann yon *Sètifika Otorizasyon*, oswa si nou refize bay yon *Sètifika Otorizasyon*, nou pral fè w konnen ki dwa w genyen pandan chak etap pwosesis la, tankou dwa w genyen pou w konteste. Nou ka sispann pwosesis la nenpòt ki lè si sikonstans yo mande sa, tankou si ou fin peye dèt ou.

### Reprezantasyon pandan yon aktivite koleksyon

Ou ka reprezante tèt ou, oswa chwazi yon lòt moun pou reprezante ou. Tout moun ki reprezante w dwe resevwa nan men w yon otorizasyon ekri ki apwopriye (yon manda) pou aji nan non w. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou bay yon manda, vizite sit entènèt nou an oswa rele nou (gade *Bezwen èd?*).

### Lisans ak garanti

Si w pa peye enpo w, nou menm oswa yon lòt ajans gouvènman an ka anile oswa sispann lisans ou a oswa lòt sètifika ou genyen pou w patisipe nan biznis. Tout obligasyon oswa lòt garanti ou ka te depoze pou yon lisans ka likide epi aplike pou dèt fiskal ou a. Si yo anile yon obligasyon, ou dwe jwenn yon nouvo obligasyon anvan ou ka rekòmanse aktivite komèsyal k ap mande yon obligasyon.

### Rezoud yon pwoblèm oswa depoze yon plent

Si w gen yon pwoblèm ak Depatman Enpo a ou pa t kapab rezoud atravè kanal ki nòmal yo, oswa si pou yon rezon, ou gen yon plent anrapò ak depatman an, vizite sit entènèt nou an oswa rele nou (gade *Bezwen èd?*).

Selon kalite plent ou a, reprezantan nou yo pral swa ede w rezoud pwoblèm nan oswa transfere plent ou a pou yon egzamen ki pi pwofon.

## Bezwen èd?



Vizite sitwèb nou an sou [www.tax.ny.gov](http://www.tax.ny.gov)

- jwenn enfòmasyon ak jere enpo ou sou entènèt
- tcheke pou nouvo sèvis ak opsyon sou entènèt

### Asistans nan telefòn

Sant Enfòmasyon Enpo sou Revni Pèsonèl:	518-457-5181
Sant Enfòmasyon Enpo pou Konpayi:	518-485-6027
Sant Enfòmasyon Taks sou Vann:	518-485-2889
Sant Enfòmasyon pou Kenbe Enpo:	518-485-6654
Sant Enfòmasyon sou Enpo Divès:	518-457-5735
Pou kòmande fòm ak piblikasyon:	518-457-5431
Telefòn Tèks (TTY) oswa TDD itilizatè ekipman	Rele 7-1-1 pou Sèvis Relè nan New York